Tranzisyon nan Planifikasyon Travay

DELAWARE STUDENT SUCCESS

Delaware WORKS
DELAWARE WORKFORCE DEVELOPMENT BOARD

Sezon Otòn

	Dènye Ane	Fini	Dat li Fèt	Kòmantè/ Enkyetid/Remak
Revize kalandriye eskolè a pou dat enpòtan tankou dat tranzisyon ak dat fen peryòd bay kanè, vakans otòn, demi-trimès ak final.	Konsilte sit entènèt lekòl ou a pou jwenn kalandriye sa a	☐		
Konnen ki kote ou kanpe epi pran konsyans sou difikilte yo, si genyen. *Èske w sou wout pou w diplome?*	Revize relve nòt ak konseye eskolè ou an.	☐		
Ou pa bezwen fè travay sa a poukont ou. Ou gen moun ou fè konfyans epi ki ka gide w (andan ak deyò lekòl la).	Devlope oswa rekonekte avèk ekip adilt k ap bay sipò ou an. Sa se pral komite konsiltatif ou an. *Ekip ou*	☐		
Volontè ak Rezo: Pran tan nan orè w pou ede lòt moun epi konekte. W ap jwenn avantaj nan aprann nouvo eksperyans epi lòt moun ap wè valè ou ajoute.	Konsidere travay kòm volontè pou yon endistri ou enterese oswa aprann yon nouvo bagay. Jwenn opòtinite pou fè volontè. Kontwole kantite èdtan w yo lè w itilize zouti kontwòl DSS la. **volunteer.delaware.gov**	☐		
Mete w alèz pandan w ap fè pati yon ekip ak bay kontribisyon w	Antre nan yon ekip espò oswa klèb lekòl.	☐		
Konsidere fè **Tès Aptitid Pwofesyonèl Sèvis Lame a (ASVAB). officialasvab.com**	Tès sa a ka gide w nan yon karyè w ap fè siksè (militè oswa lòt) apre lekòl segondè.	☐		
Jwenn yon kopi Delaware Career Compass ki pibliye pa Depatman Travay Delaware nan bibliyotèk la, konseye eskolè, oswa pwofesè Edikasyon Teknik ak Karyè ou	Piblikasyon sa a ofri resous pou ede w nan pakou w pou jwenn travay. **careeronestop.org**	☐		

Sezon Otòn / Ivè

> ! *Pwofite jou konje eskolè w yo an Novanm ak Desanm pou w reyalize bagay ki sou lis bagay ou vle fè yo.*

Kòmanse revize opsyon pou yon travay ki byen peye.	**labor.delaware.gov/wdb/training-providers**	☐		
Pratike konpetans pratik ou yo, tankou kominikasyon, rezolisyon konfli, rezoud pwoblèm, travay ann ekip ak jesyon tan.	Chak patwon vle w parèt alè, travay ak ekip la epi rezoud pwoblèm. Pratike kounye a.	☐		
Kreye yon CV alafwa elektwonik ak sou papye epi fè konseye eskolè ou an egzamine l. Si ou pa gen youn, kòmanse avèk **bit.ly/DSS-Resume-Tips** nou an *Moman CV!*	Yon CV sou papye ap ba w opsyon pou telechaje dokiman ou an nan nenpòt wèbsit konpayi oswa travay. Ou ka itilize Lyen Travay Delaware yo pou kreye yon CV epi aplike pou travay! **joblink.delaware.gov**	☐		

Sezon Ivè

> ! *Kounye a se moman pou w santi w kouran. Ou gradye ane sa a. **Ann ale!!!***

Pratike konpetans entèvyou w yo! Pwograme similasyon entèvyou ak ekip konseye w la oswa pwofesè w yo. Resevwa fidbak yo epi kontinye pratike. **bit.ly/DSS-Interview-Skills**	Kesyon yo poze souvan: Pale m de ou. Kisa pwofesè w la t ap dekri w antanke yon elèv? Pale m de yon pwoblèm ou te rezoud lakay ou oswa nan lekòl ou.	☐		
Èske w te fè travay ki nesesè pou garanti avni w?	Verifye avèk konseye eskolè ak konsèy konsiltatif ou an pou asire w ou toujou sou bon wout oswa si ou bezwen chanje direksyon (pivote).	☐		

Tranzisyon nan Planifikasyon Travay

Delaware WORKS

Dènye Ane	Fini	Dat li Fèt	Kòmantè/ Enkyetid/Remak

Sezon Ivè / Prentan

Pa kite bèl tan distrè w. Ou ap prepare pou travay ki byen peye.

Fè tès ASVAB si ou te rate l nan mwa Oktòb. **officialasvab.com/applicants/what-to-expect**	Pwofite opòtinite sa a pou dekouvri pi bon opsyon ou genyen.	☐		
Lis konpayi kote ou ta vrèman renmen travay.	Pataje lis ou a ak komite konsiltatif, konseye eskolè, fanmi ak zanmi w. Si ou te pase tès ASVAB nan mwa Oktòb, pwobableman ou konnen wòl ou renmen an. Si ou pa te fè l, kreye yon istwa sou sa ou renmen fè.	☐		
Konsidere travay pou eta Delaware. Chèche travay ki disponib yo. Gade videyo sou fason pou w aplike pou yon travay eta a. Diskite ak komite konsiltatif ou an.	Ou ka chèche travay nan men Eta Delaware. **statejobs.delaware.gov**	☐		
Chèche travay nan men gouvènman federal la. Gade videyo sou fason pou aplike.	Ou ka chèche ak aplike pou travay nan men gouvènman federal la **usajobs.gov**	☐		
Sistèm lapòs Etazini an gen anpil travay federal l ap ofri tankou livrezon kourye lapòs.	Chèche epi aplike pou yon karyè nan Sèvis Postal Etazini (USPS) **about.usps.com/careers**	☐		
Se moman fwa travay/karyè! Mande komite konsiltatif ou an ede w pratike fè entèvyou.	Verifye avèk Kowòdonatè Aprantisaj ki Baze sou Travay, konseye eskolè oswa komite konsiltatif ou a ak **delawarestudentsuccess.org/events**	☐		
Ak kisa plan ou an sanble? Si ou gen yon IEP oswa 504, verifye avèk konseye DVR ou an pou èd pou jwenn yon travay oswa fòmasyon pou travay. Mande yon bwochi ki eksplike lòt sèvis yo.	Konseye eskolè ou a ka konekte ou menm epi paran/responsab legal ou ak konseye DVR ou a. Sonje byen, ou gen yon ekip pou ede w.	☐		

Sezon Prentan

Rete kalm! ou gen kontwòl sa a!

Se konje sezon Prentan! Pwofite tan w lwen men kenbe je w fikse sou avni w. Tan an ap pase rapid.

Revize òganizatè sa a pou asire w ou pa rate anyen.	Sèvi ak nòt ou yo pou ekri plan w pou apre lekòl segondè. Endike byen klè pwochen etap yo epi di moun ki sipò ou bezwen (pratik entèvyou, konsèy sou abiman, transpò).	☐		
Verifye ak konseye eskolè ou a ankò. *Èske gen yon bagay ki chanje?* Si se wi, pale ak komite konsiltatif ou an pou ede w rezoud enprevi a. Ou gen opsyon toujou.	Kontinye fè rechèch sou pi bon opsyon OU, defann tèt ou epi montre rekonesans anvè ekip sipò w la. Si ou te jwenn yon travay, di tout moun. Pataje lajwa w.	☐		
Èske yon kondisip k ap travay nan yon travay ki enterese w? (akoutèm oswa alontèm)	Mande si konpayi an gen yon pwogram referans. Moun yo renmen travay ak moun yo renmen.	☐		
Ou gen tan pou pase nan yon American Job Center pou di yo ou pral gradye. Yo gen anpil resous pou ede w ak rechèch travay ou an.	Jwenn sant ki pi pre w la **careeronestop.org**	☐		

OU FÈ L!

Felisitasyon!

Ou menm ak ekip ou fè l! Di yo mèsi. Pataje enfòmasyon pou ede lòt moun. Jwi mond travay la!

Anrejistre resous sa a pou ou revize detanzantan.

Pou jwenn plis resous, vizite **delawarestudentsuccess.org**